**РЕЗЮМЕ**

В статье анализируется тот факт, что такие сказочные эпосы, как «Шахриёр», «Шийрын шекер», «Ганшайым», «Мунлык-Зарлык» представляют собой новую эстетическую систему не в жанровом, а в творческом плане. Также анализируется история создания и исполнения эпоса «Шахриёр» и других каракалпакских сказочных эпосов.

**SUMMARY**

The article analyzes the fact that fairy-tale epics such as "Shahriyor", "Shiyryn Sheker", "Qanshayym", "Munlyq - Zarlyq" are a new aesthetic system, not in terms of genre, but in terms of creativity. The history of creation and performance of the epic "Shahriyor" and other Karakalpak fairy-tale epics is also analyzed.

# КӨРКЕМ ШЫҒАРМАЛАРДЫ ОҚЫТЫЎДА ОҚЫЎШЫЛАРДЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК КОМПЕТЕНЦИЯСЫН ЖЕТИЛИСТИРИЎ

**М.Т.Қабулова –** *ассистент оқытыўшы*

*ТАТУ Нөкис филиалы*

**Таянч сўзлар:** бадиий, шеър, ўқитиш, ривожлантириш, малака, метод.

**Ключевые слова:** художественный, стих, обучение, развитие, компетентность, метод.

**Key words:** art, poem, teaching, development, competence, method.

Улыўма билим беретуғын мектеплерде көркем шығармаларды оқытыўда оқыўшылардың дөретиўшилик компетенциясын жетилистириў методикалық мәселелердиң бири болып есапланады.

Бул мәселе бойынша белгили методист алымлар А.Пахратдинов [1], С.Ахметов [2], Е.Бердимуратов [3], К.Юлдошев [4], Б.Тўхлиев [5], М.Г.Костава [6], А.Лилов [7], Қ.Хусанбоева ҳәм Р.Ниёзметова [8], Қ.Юсупов [9] ҳәм басқалардың мийнетлеринде көркем шығармаларды таллаўдың принциплери, түрлери ҳәм текст үстинде ислеўдиң усыллары кең түрде анықланған. Усы көзқарастан мектеп оқыўшылары көркем әдебиятты оқыўды, таллап үйрениўди өзлестирип барады.

Педагогикалық процессте мектеплерде көркем әдебиятты үйрениў, оқыўшылардың дөретиўшилик компетенциясын жетилистириў орайлық мәселелердиң бири болып есапланады. Оқыўшылардың дөретиўшилик компетенциясын жетилистириў көркем әдебиятты биринши үйренген ўақытларынан баслап ақ ушырасады. Әдебияттың барлық түр ҳәм жанры оның көркем поэтикалық дөретиўшилиги арқалы жасалады.

Көркем шығарманың тили сөйлеўдиң ҳәм жазыўдың белгили бир өлшемлерине, қағыйдаларына ийе болған, улыўма халыққа, оның барлық қатламларына ортақ болған халықтың жәмийетлик, руўхый, мәдений турмысына хызмет ете алатуғын тил. Илим, мәдeният ҳәм көркем әдебият шығармалары әдебий тилде жазылады. Көркем әдебияттың тили — улыўма әдебий тилдиң бир түри. Ол тек хабарлаў қуралы болып қалмастан, адамларға руўхый азық, эстетикалық заўық бағышлайды. Тил—жазыўшының ой-пикирлери менен сезиминиң сыртқа шыққан көриниси. Көркем шығармаларды оқытыўда оқыўшылардың дөретиўшилик компетенциясын жетилистириў ушын көркем шығармаларда жазыўшы өзине керекли сөзди алды бурын излемейди, ал сөз ой менен пикирге сезимге байланыслы дөрейди.

Ол арқалы жазыўшының айтайын дегени көркем образға айланады. Әдебият сөз арқалы адамлардың жанлы образларын дөретеди, адамлардың қарым-қатнасларын көз алдымызға елеслетеди.

Мектепте оқыўшыларын көркем шығармаларды оқытыўда дөретиўшилик компетенциясын жетилистириўден ибарат. Сонлықтан муғаллим оқыўшыларға тексттиң өзин тәсирли етип оқып таныстырып бериўи керек. Бул оқыўлар бир тәрептен, оқыўшыларды көркем сөз текстин келистирип шебер оқый билиў техникасына көнликтириў мақсетинде болса, екиншиден, шығарманы таллаў жумысына байланыслы болады. Оқыўшылар шығарманы оқып, оның идеялық-тематикалық мазмунынан азы-кем хабарлы болып келмегенше, ҳеш қандай таллаў жумысын өткериў мүмкин емес. Көлеми аз шығармаларды оқыўшылардың класстан тысқары ўакытта алдын-ала, сабақ өтилместен бурын оқып келиўин уйымластырыў қыйын емес. Бундай шығармаларды оқыўшылар муғаллимниң тапсырмасы бойынша аз күнниң ишинде оқып шығады. Ал, поэма, роман, повесть ири көлемли көркем шығармалардың идеялық мазмунын түсиниўге көп ўақыт керек.

Муғаллим оқыўшылардың көрсетилген шығарманы оқыўын иске асырыў, тексерип барыўы тийис. Анализ етилетуғын шығарманы класстағы ҳәр бир оқыўшының оқып шығыўы шәрт. Оннан кейин барып, сабақ өтиўи мүмкин.

8 класс ушын арналған әдебият сабақлығындағы өтилетуғын шайыр Садық Нурымбетовтың «Бердақ» поэмасын оқытыўда оқыўшылардың дөретиўшилик компетенциясын жетилистириў ең әҳмийетли орында турады. Поэмада Бердақтың туўылған ўақтынан баслап тарийхый жыр сыпатында сөйлеп, әдебий тил менен сүўретленеди. Биз поэмадан Бердақтың шайырлық тулғасын, ол туўралы бурыннан оқыўшылар билетуғын айрым мағлыўматларды шайырдың көркем қатарлары арқалы тағы бир мәртебе еске түсиремиз. Бердақтың өз халқына ҳадал перзент болғанлығына көзимиз жетеди, турмыстың барлық аўырманлығын көрген шайырға, шайырдың ата-анасына терең сүйиўшилик оянады. Поэмада Бердақтың әкеси Ғарғабайдың гедейликтен әбигерленген үй турмысы, усы жарты ылашық шатпада болажақ халық шайырының дүньяға келиўин көркемлеп сүўретлеўден баслайды. Баласының туўылыўы Ғарғабай ҳәм Қарқараның гедейлигин, турмыс аўырманлығын умыттырғандай қуўаныш алып келеди. Буннан кейинги ўағында жас Бердимураттың балалық ҳәм жас өспиримлик жыллары басынан өткен өмири, оның күн кеширген заманында өмирине тийисли ўақыялар сүўретленеди.

Жәмет басыў жарық ултан қонысы,
Гедей жаптың еки жағы толысы,
Усы жерлер Ғарғабайдың жайлаўы,
Еткен иси Сеўилбайдың жумысы.
Отырғаны жаман шатпа ылашық,
Жоқшылықтан ҳәрне болар қурасып,
Күни бойы хызмет қылып тапқаны,
Мезгилликке жетер зорға уласып.
Урада дәни жоқ, қорада малы,

Бир жутым ас таппай қыйналып жаны,
Ғарғабайда күни ушын ис қылар,
Хожалық боп Қарқараны алғалы.

Садық Нурымбетов шеберлик пенен Бердақтың балалық хәм жас өспиримлик жылларын сүўретлейди. Болажақ шайыр жасынан халықтың көркем саз байлығына, сазға қызығады, жыраў, бақсыларды, қосық, дәстанларды сүйип тыңлайды, ал өзи ашық пейилли, зийрек, ақыл парасатлы, уқыплы болып өскенин поэмада сүўретлеп береди. Бердақтың бир күни балалар менен бирге бақсыға барғысы келгенин, бақсыға таслаў ушын пул кереклигин әкесине айтқанын Ғарғабайдың қалтасында қара тийин да жоқ болып шыққанын, сонда жас Бердимурат пәс ҳужданлы Сеўилбайдан әкесиниң жалланба ҳақысын алыўға жәрдемлеседи.

Садық Нурымбетов Бердақтың жасаған заманның әдилсизлигин, халықтың бир тислем нан таппай қыйналыуын, ҳәдден тыс езиўшиликти, соған байланыслы сол жәмийетте жарлылар ушын өмир кешириўдиң қыйыншылығын көрсеткен.

Көркем өнер шығармаларының тийкары-турмыста болған реаль ямаса жазыушының ой-қыялы арқалы сүўретленген болыўы мүмкин болған өмир шынлығы. Буның бәри Садық шайырдың ишки дүньясында сәўлеленген оның көзқарасы, түсиниги менен сезимлеринен ибарат екенлигин оқыўшыларға түсиндирип барылыўы керек. Әлбетте, Бердақ образын дөретиў ушын, шайыр Бердақ жасаған дәўирге, ондағы қарама-қарсылықлы турмысқа да үлкен итибар береди ҳәм өз қаҳарманын қыйын ўақыялардан алып шығады. Поэмда өз заманының атақлы қаҳарманларының бири ел арасына даңқы тараған Ақымбет бақсы бир тойда жас Бердимуратқа өз дуўтарын сыйлыққа береди. Бардақтың шайырлық таланты менен қоса бақсышылық жолы да ашылады.

— Болмассаң Бердақжан ҳеш кимнен де кем,
Сизге бул дуўтарды қылайын жәрдем,
Кеўлим толды адамгерлик исиңе,
Әдеп-икрам менен бергенде сәлем.
Минекей саз дуўтар қолыңа усла,
Буны шертип балам кеўлиңди хошла,
Бақсы Ақымбеттиң сизге сыйлығы,
Атаң нәсийҳатын умытпа ҳасла! ...

Өйткени, Ақымбет бақсы бул баланың ҳаўазын, қосық айтқышлығын, онда болажақ үлкен бақсы-шайырдың келешегин көрген еди.

Поэмада усындай гедей мийнеткешлердиң өзлериниң адамгершилик қәсийетлерин жоқары услағанын, тар жол, тайғақ кешиўде бир-бирине қолдан келгенше сүйеў болғанын, бир-бирине қолдан келгенше қорғаўға тырысқанын әдеўир көркемлеп характерли фактлер менен көрсетеди.

Сайран етип қарақалпақ шәҳәрин,
Аралады неше аўылдың бәрин,
Мақсети Күнхожа шайырды көриў,
Шеккен ғаррылықтың аўыр мәҳәлин.
Сорастырып тапты Күнхожаны ол,
Ой-пикирин Күнхожаға тыңлатып,
Ўақты хош боп, Бердақ үйине келди,
Оның менен бирге қырқ бес күн жатып.
Байлық сөзи менен дәрядай тасты. [2:273-286]

усы турмыс шынлықлары «Бердақ» поэмасында кең сүўретленген. Поэманың соңғы бөлиминде Бердақтың келешек жөниндеги әрман-қыялы, өз сөзиниң әўладлар арасында кең жайылып, қәдирлениўи жөниндеги үмити баянланады. Ғаррылық басқан Бердақ өзиниң досты Өтеш шайыр менен ушырасады, күлип-ойнап тарқасады ҳәм бақсы қызы Ҳүрлиманның үйине келип, ойнап жүрген ақлығы Қаражанды шақырып, оған өз дуўтарын естелик ушын береди.

Көркем шығарманы таллағанымызда оқыўшылардың жасын есапқа алыўымыз зәрүр. Оқыўшылар менен поэманы үйренип баслағанымызда, қарақалпақ халқының жоқары адамгершилигин, бирлигин, татыўлығы менен бир-бирине мийрманлығын дурыс сәўлелендиргенин, сондай-ақ Бердақтың Күнхожа, Өтеш, Ақымбет бақсылар менен қатнасын да тәсирли сүуретлей алғанлығына дыққат аўдарыўымыз керек. Поэманы класста таллаўда оқыўшылардың руўхый дүньясын байытады. Бул олардың буннан кейинги поэмаға мүнәсибетин белгилеўде шешиўши роль атқарады. Поэманы оқыўшыларға түсиндириўден алдын биринши гезекте сюжетине, кейин барып-оның басқа тәреплерине қызығатуғынлығынан болса керек.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов С., Пахратдинов А., Пирназаров А. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. (оқыў қолланба). – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988, 80-б.

2. Әдебият-8 класс ушын сабақлық. 273-286 –б.

3. Йулдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. – Тошкент: «Ўқитувчи», 1996.

3. Лилов А. Коммуникативная функция литературы и искусства. В книге «Теории, школы, концепции». Художественная коммуникация и семиотика. – Москва: «Наука», 1986, -С. 293.

4. Костава М.Г. Филологический комментарий художественной прозы как средство развития устной речи учащихся. Дис. ...канд. пед.наук. -М.: 1989. –С.28.

5. Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. (оқыў қолланба). – Нөкис: “Билим”, 2004, 260-б.

6. Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. –Тошкент: «Янги аср авлоди», 2006.

7. Хусанбоева Қ., Ниёзметова Р. Адабиёт ўқитиш методикаси. (дарслик). – Тошкент: “Баркамал файз мадиа”, 2018, 352-б.

8. Юсупов Қ. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. (sabaqlıq). –Tashkent: Сано-стандарт, 2018, 336-b.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада бадиий асарларни ўқитишда ўқувчиларнинг таълимий-тарбиявий компетенциясини оширишга алоҳида эътибор қаратилган. Бадиий асарларни мутолаа қилиш орқали ўқувчиларнинг нутқ маданияти, тил кўникмаларини ривожлантиришга хизмат қилиши таъкидланди.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящена повышению образовательной компетентности учащихся в области преподавания художественных произведений. Отмечено, что развитие речевой культуры учащихся и языковых навыков через чтение художественных произведений.

**SUMMARY**

The article focuses on improving the educational competence of students in the teaching of works of art. It was noted that the development of students' speech culture and language skills through reading works of art.